



Pou Piblikasyon Imedya: 08/02/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OUVÈTI NOUVO INITE MEDIKAMAN MOBIL POU FOUNI SÈVIS TRETMAN KONT TOKSIKOMANI NAN VIL NEW YORK

Li fè pati [investisman 6 milyon dola](#) pou pote Inite Medikaman Mobil yo nan zòn ki gen gwo bezwen yo

Inite Medikaman Mobil yo ap pèmèt moun yo resevwa medikaman pou tretman kont toksikomai ki pa nan yon etablisman tradisyonèl

Nouvo inite pou bay swen kont toksikomai, enkli medikaman, nan South Bronx

Foto evènman disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ouvèti yon nouvo Inite Medikaman Mobil (Mobile Medication Units, MMU) pou bay sèvis tretman adiksyon nan katye South Bronx nan Vil New York. MMU yo ofri yon pakèt sèvis pou toksikomani, epi yo gen otorizasyon pou dispansè medikaman pou trete twoub toksikomani, ki enkli metadòn ak biprenòfin, anba direksyon [Biwo Sèvis ak Sipò kont Toksikomani](#) (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) an. Sit sa yo fèt pou rive jwenn moun ki ka fè fas ak baryè pou jwenn aksè ak tretman tradisyonèl yo. Finansman pou inite mobil sa yo te akòde sou direksyon Gouvènè Hochul an 2022, epi gen de ki kounye a aktif nan Vil New York, ak yon lòt anliy. OASAS te bay plis pase 6 milyon dola nan finansman federal pou sipòte devlopman MMU yo atravè eta a.

"Li tan pou nou kòmanse elaji aksè ak resous pou kominote yo ki pa jwenn ase sèvis pandan twò lontan", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Ouvèti nouvo Inite Medikaman Mobil yo pral bay moun ki te fè fas ak obstak yo sèvis ak sipò ki nesèsè pou trete maladi itilizasyon sibstans epi pou yo viv yon lavi ki gen plis satisfaksyon."

Komisè Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) Eta New York la, Doktè Chinazo Cunningham, te deklare, "Pwogram MMU an ap ede nou agrandi sèvis tretman nou yo, epi ede plis moun jwenn èd ak sipò yo bezwen pou sove lavi yo. South Bronx gen youn nan pi gwo pousantaj lanmò ki lye ak ovèdòz nan eta a, epi ogmante aksè ak medikaman pou tretman adiksyon nan zòn sa a enpòtan anpil nan kad efò nou pou ede moun ki te afekte pa toksikomani epi anpeche plis lanmò ki lye ak ovèdòz"

Sèvis yo ofri nan MMU yo gen ladan tè s depistaj medikal, medikaman pou tretman kont toksikomani, sipò ant kanmarad, kapasite telesante, ak referans ak lyen ak lòt sèvis swen sante yo. Nouvo inite mobil lan gen yon konseye aplentan, yon espesyalis kamarad, ak yon enfimyè pratikan, epi li ofri sèvis nan lang angle ak espanyòl atravè [Acacia Network](#). Pwogram inovan sa a ap sipòte ak 550,000 dola nan finansman federal nan kad Sibvansyon federal Eta pou Reponn kont Opyoyid III (State Opioid Response III, SOR) la.

Direktè Egzekitif Jeneral Acacia Network la, Lymaris Albors, te deklare "Antanke yon founisè dirijan nan sèvis sante primè ak sante konpòtmantal entegre nan Eta New York, Acacia Network kontan anpil pou l lanse inisyativ 'Healing on Wheels' nou an pou pote sèvis tretman ak sèvis sante aksesib, ki kiltirèlman konpetan pou itilizasyon kont toksikomani nan kominote ki pa gen ase sèvis yo nan Bronx atravè nouvo MMU nou an, ak kat inite adisyonèl ki pral deplwaye byento nan Brooklyn, Albany, Buffalo, ak Dunkirk. Nou remèsye OASAS pou patenarya yo ki dire depi lontan yo epi nou pa ka tann pou n kontinye travay ansanm pou n abòde epidemi opyoyid la atravè inisyativ rediksyon domaj ak tretman aksesib inovan tankou MMU an."

OASAS sipèvizite youn nan pi gwo sistèm swen pou twoub itilizasyon sibstans nan peyi a ak anviwon 1,700 pwogram prevansyon, tretman, ak rekiperasyon k ap sèvi plis pase 731,000 moun chak ane. Sa gen ladan l operasyon dirèk 12 Sant Tretman kont Adiksyon kote doktè, enfimyè ak anplwaye klinik nou yo bay anviwon 8,000 moun pa ane sèvis pou pasyan ki entènè ak sèvis rezidansyèl.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta, 'HOPEline' 24 èdtan, 7 jou pa semèn nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè ou voye tèks HOPENY (Kòd Kout 467369).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)